


PIDATO [SUNDA] MENYAMBUT RAMADHAN ❤

Posted on 27/02/2025 by Ade Munaa



Category: [Pidato](#)

Tag: [Pidato Menyambut Ramadhan](#)



Assalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarakatuh

Innal hamdalillah, wassholatu, wassalamu, 'ala Rosulillah, sayyidina Muhammad ibni Abdillah, wa'ala alih wasohbihi wamawalah, amma ba'du.

Hadirin anu dipikahormat,

Anu In Syaa Alloh ku Alloh dimulyakeun, oge teu hilap ka bapa-bapa, ibu-ibu, warga sadaya anu ku pribados dipikahormat, Anu In Syaa Alloh ku Alloh dimulyakeun.

Puji miyah syukur urang sanggakeun ka Alloh Subhanahu Wata'ala, anu alhamdulillah kalayan takdir timantena, urang sadaya tiasa riung mungpulung, patepung lawung, patepang raray, dina tempat anu ieu barokah.

Anu mudah-mudahan ieu riungan teh sing ngajantenkeun hiji wasilah ngengengkeun safatul udma dina poe kiamah Aamiin Yaa Alloh Yaa Robbal 'Alamin.

Oge rohmat miyah salam, mugia salalamina dicurah tur dilimpah kapaduka Rosul wastana Kanjeng Nabi Muhammad Sholallohu 'Alaihi Wasallam.

Teu hilap ka para keluargana, sahabatna, tabi'ina, oge mudah-mudahan eta rohmat teh dugika urang sadayana Aamiin Yaa Alloh Yaa Robbal 'Alamin.

Hadirin anu dipikahormat,

Urang namian ieu judul ceramah teh ku judul menyambut bulan suci Ramadhan, naon margina? sabab, bulan Ramadhan teh sakedap deui datang, tinggal menghitung hari.

Teu karaos tina puasa taun kamari, ayeuna tos bade puasa deui, tah urang teh kudu bungah ku ayana datang bulab suci Ramadhan.

Dina kitab durrat An-nasihin diterangkeun:

"Sing saha jalma anu bungah ku datangna bulan suci Ramadhan, maka diharamkeun jasadna asup naraka,"

Tah urang teh kudu bungah ku datangna bulan suci Ramadhan, sabab dina bulan suci ieu, pahala dilipat gandakeun, pintu ampunan dibuka salebar-lebarna, tah bulan Ramadhan teh ajang urang ibadah salolobana.

Di bulan ieu, diwajibkeun ka jalma mu'min kangge puasa, sapertos anu dititelakeun dina Al-Qur'an:

"Hei jalma anu ariman, diwajibkeun ka aranjeun puasa sapertos anu geus diwajibkeun ka jalma sateuacan maneh, meh maraneh takwa (QS. Al-Baqarah: 183).

Tah eta teh kawajiban urang salaku umat muslim, nyaeta nunaikeun rukun islam anu kaopat.

Ti mulai ayeuna, hayu urang sungguh-sungguh menyambut datangna bulan suci Ramadhan.
Eureunan sagala rupa dosa anu tos dilakukeun, tobatan sagala rupa dosa urang.

Mudah-mudahan, urang sadaya dipasihan umur, supaya tiasa patepang sareng tiasa ibadah di bulan Ramadhan Aamiin Yaa Alloh Yaa Robbal 'Alamin.

Mudah-mudahan, ku cariosan anu sakedik ieu, urang teh jadi sumanget menyambut bulan suci Ramadhan, sareng tiasa nyiapkeun kana datangna bulan suci ieu.

Hadirin anu dipikahormat,

Moal seueur anu dicarios, ti sim kuring dialap cekap, kirang langkungna ulah kirang-kirang hapunten.

Wassalamu'alaikum Warohmatullohi Wabarakatuh

sumber: depok.urbanjabar.com

There are no comments yet.